



**LILIANA**

*Tampa, FL*

**PLEZI PREFERE:**  
Lekti nan bibliyotèk la

**TI GOUTE PREFERE:**  
Melon tranche

**FAVANTAJ PREFERE NAN  
FLORIDA KIDCARE:**  
Makè pou paj li jwenn apre depistaj  
nan je li

Florida KidCare cumple con las leyes federales de derechos civiles aplicables y no discrimina por motivos de raza, color, nacionalidad, edad, discapacidad o sexo.

**ATENCIÓN:** si habla español, tiene a su disposición servicios gratuitos de asistencia lingüística.  
Llame al 1-888-540-5437  
(TTY: 1-800-955-8771).

Florida KidCare konfòm ak lwa sou dwa sivil Federal ki aplikab yo e li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi orijin, laj, enfimite oswa sèks.

**ATANSYON:** Si w pale Kreyòl Ayisyen, gen sèvis èd pou lang ki disponib gratis pou ou.  
Rele 1-888-540-5437  
(TTY: 1-800-955-8771).

Florida KidCare complies with applicable federal civil rights laws and does not discriminate on the basis of race, color, national origin, age, disability, or sex.

**ATTENTION:** If you speak English, language assistance services, free of charge, are available to you.  
Call 1-888-540-5437  
(TTY: 1-800-955-8771).

**Fl**❤️**rida KidCare**

ASIRANS SANTE AK ASIRANS POU SWEN DAN


**KIJAN POU APLIKE**

**floridakidcare.org • 1-888-540-KIDS (5437)**

2019

**Fl**❤️**rida  
KidCare**

ASIRANS SANTE AK  
ASIRANS POU SWEN DAN



**ASIRANS SANTE DEPI  
NAN TÈT RIVE NAN  
PYE POU TIMOUN YO**



## SIRANS SANTE AK DANTÈ KI KONPLÈ E KI FOKIS SOU TIMOUN

Gen apeprè 2.4 milyon timoun nan Florid ki konte sou Florida KidCare pou asirans depi nan tèt rive nan pye yo bezwen an. Men pou nou, se pa sèlman konsènan chif yo, se konsènan moun reyèl kote lavi yo vin meyè atravè aksè ak swen sante bon jan kalite ak abòdab. Nou se yon asirans ki gen anpil konpasyon.

## ASIRANS POU TIMOUN YO

Timoun nan Florid yo apati lè yo fèt rive nan 18 an kalifye pou asirans. Li gratis e se yon sèl aplikasyon ki nesèsè pou chak fanmi. Avèk enskripsyon ki genyen pandan tout ane a, moman pou ou aplike a se kounye a. Aplike sou entènèt nan [floridakidcare.org](http://floridakidcare.org) oswa rele 1-888-540-KIDS (5437). Florida KidCare ap fè rès la. Sou baz laj timoun nan, gwosè fanmi an ak revni fanmi an, nou otomatikman koresponn chak timoun avèk sa ki pi apwopriye nan kat pwogram Florida KidCare yo – Medicaid, MediKids, Florida Healthy Kids oswa Plan Jesyon Swen Sèvis Medical pou Timoun yo. Se byen fasil!

Timoun imigran k ap viv legalman yo kalifye pou Florida KidCare san yo pa bezwen peryòd datant epi nou p ap janm poze kesyon sou kondisyon imigrasyon paran yo.

## GRATIS OSWA PRÈSKE GRATIS POU PIFÒ FANMI

Florida KidCare gen ladann opsyon gratis, sibvansyone ak peman konplè tou depann de revni fanmi an. Pifò fanmi yo pa peye anyen ditou, epi anpil peye yon ti kal kòb tankou \$15 oswa \$20 pa mwa pou tout timoun nan kay la. Fanmi ki pa kalifye pou asirans gratis oswa sibvansyone ka achte yon plan li gen pou peye konplè nan yon pri ki konpetitif.

## BENEFIS BON JAN KALITE

Florida KidCare kreye espesyalman pou timoun yo epi ba yo aksè ak sèvis yo bezwen nan chak etap kwasans ak devlopman yo. Sèvis sante ak dantè yo bay atravè plan bon jan kalite ki ofri posiblite pou jwenn doktè, dantis, espesyalis, lopital, famasi ak lòt founisè swen sante lokal.

Benefis yo gen ladann men pa limite ak:

- Vizit doktè
- Egzamen woutin
- Vizyon ak tande
- Swen dantè
- Sejou nan lopital
- Chiriji
- Vaksinasyon
- Preskripsyon
- Ijans
- Sante mantal

Fl❤rida KidCare

ASIRANS SANTE AK ASIRANS POU SWEN DAN



**JACKSON**  
Miami, FL

### PLEZI PREFERE:

Naje nan pisin lokal la

### TI GOUTE PREFERE:

Woule denn ak fwomaj

### AVANTAJ PREFERE NAN FLORIDA KIDCARE:

Fè espò nan lekòl ak zanmi li yo